Fè atansyon ak moun ki ap mande lajan pou Ayisyen ki sinistre nan tranbleman detè ki sot pase a.

Sitou pran anpil prekosyon pou adrès imel oswa sit wèb ki mande nimewo kredi kat ou, enfòmasyon sou kont anbank ou, oubyen nenpòt enfòmasyon sou finans ou.

Nou tout konnen ke nasyon Ayisyèn nan ap fè gwo efò pou li leve anba gwo dezas sa ki sot frape l la. Kè nou ak priyè sensè nou se pou sitwayen nan peyi Dayiti ak fanmi yo, zanmi yo, ak sila yo ki kounya rete nan Sant Florid la. Pandan ke nou menm, ki yon pati nan kominote entènasyonal la, n ap pran gwo lapenn sou kantite moun ki mouri ke yo prevwa pase san mil (100.000) moun, sa ki vivan yo nan gwo nesesite pou yo jwenn asistans tousuit.

Malerezman, lè malè nan nivo sa yo rive kounya nan lemonn, gen malfini kap chache pwofite de sitiyasyon an e yo ap eseye pwofite de bòn volonte ak jenewozite ou ak lòt sitwayen Ameriken.

Gouvènman Etazini an gentan òganize ekip rechèch, rasanble materyèl e mare ponyèt li pou li ede tout moun ki sinistre yo. Nou konnen ke anpil nan nou ta renmen ede Ayiti nan fason pa nou pou li kanpe sou de pye l ankò.

Nou mande tout moun pou pa okipe okenn òganizasyon sou kote ke nou pa abitye avèk yo. Sitou òganizasyon brip sou kou ki voye imel ba ou avèk lyen ki gen sit wèb k ap mande lajan kote pou antre nimewo kredi kat ou, enfòmasyon sou kont anbank ou, oubyen nenpòt enfòmasyon sou finans ou.

Men kèk sit wèb lokal ak nasyonal avèk tout nimewo telefòn yo. Òganizasyon sa yo ak tout fason pou kontakte yo ke nou pral ba ou la fè prèv yo deja nan jere dezas nan degre ki sot rive peyi Dayiti a.

Tranbleman detè an Ayiti - Resous nou fè konfyans, enfòmasyon ak lyen yo

- **United States Department of State -** Americans seeking information about family members can call 1.888.4747.
- **American Red Cross, National -** www.redcross.org
- **American Red Cross, Central Florida -** www.midfloridaredcross.org
- **American Red Cross International Response Fund -** donations can be made by telephone at 1.800.REDCROSS or, en Espanol, 1.800.257.7575
- **Salvation Army National website -** www.salvationarmyusa.org
- **Salvation Army National telephone number -** 1.800.SALARMY
- **Salvation Army Central Florida telephone number -** 407.423.8581
- **Harvest Time International -** www.harvest-time.org
- **Harris Rosen Foundation -** Orlando Hotelier Harris Rosen has established a $250,000 relief fund to reach the Haitian community at this time of need. You can support this effort by sending your cash donation directly to Harris Rosen Foundation, Inc, a tax exempt-nonprofit organization, earmarking your donation to the Haiti Disaster Relief Efforts. If you choose this type of support, please send the check to the following address: 9840 International Dr. Orlando, FL 32819-8111.

The Orange County Sheriff's Office appreciates the assistance provided by Mr. Eddy Alva with translation and to Mr. Samuel Semexan and Security Director Tony Mendoza for facilitating this effort. All with the Rosen Centre staff.